



Pou Piblikasyon Imedya: 22/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ-LWA POU OGMANTE AVANTAJ KI DISPONIB POU MOUN KI VIKTIM KRIM

Endividi Ki Pa Blese an Koneksyon ak Sèten Krim Pral Kalifye pou Asistans ak Depans Netwayaj Sèn Krim ak Depans Abri Vyolans Domestik

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen yon pwojè lwa (S.7993/A.10275) k ap ogmante avantaj ki disponib pou viktim krim ki kalifye, ki p at blese fizikman, pou mete ranbousman netwayaj sèn krim ak depans abri vyolans domestik. Chanjman sa a pral pèmèt viktim krim rayisab oswa ka vyolans domestik, pou aplike pou konpansasyon pou depans sa yo nan Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services) Eta a.

“Ak lejislasyon sa a, n ap demontre angajman nou k ap kontinye pou pwoteje moun New York yo ak ede viktim krim retounen sou pye yo ak rebati vi yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avantaj sa yo pral ede nan pwosesis gerizon an ak ede nou bati yon New York ki pi fò, ki gen plis sekirite epi ki gen plis konpasyon pou tout moun.”

“Krim viktim yo pa ta dwe ap pote fado depans sèvis ijans ke yo rann disponib nan pwosesis rekipasyon an”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nouvo lwa sa a pèmèt endividi ki viktim krim rayisab oswa vyolans domestik pou aplike pou konpansasyon pou depans ki anrapò ak sa yo. New York kanpe tou pare pou ede sila yo ke krim ak vyolans afekte, epi aksyon sa a jodia asire plis pwoteksyon ak sekirite moun New York yo.”

Senatè Patrick Gallivan te deklare, “Nou dwe fè tout sa ki nan pouvwa nou pou ede pwosesis gerizon an ak redui fado finansye pou sila yo ki te viktim krim. pwojè lwa sa a pral ogmante sipò ak resous ke eta a ofri aktyèlman viktim krim yo”.

Manm Asanble Crystal D. Peoples-Stokes te deklare, “Mwen fyè pou m prezante pwojè lwa sa a pou ede sipòte inosan ki viktim krim yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo dèske li siyen pyès pwojè lwa enpòtan sa a ki pral jwe yon wòl enpòtan nan ede ranbouse depans pou vyolans domestik ak krim rayisab nan eta New York”.

Elizabeth Cronin, ki se Direktris Biwo Sèvis pou Viktim yo, te deklare, “Fè viktim yo vin antye se yon priyorite Biwo Sèvis pou Viktim. Nou bezwen fè tout sa ki nan pouvwa nou pou ede bay sipò ak resous yo bezwen pou rekipere. Nan kad chanjman sa a, Eta New York la rekonèt ke endividi yo pa bezwen soufri fizikman pou krim boulvèse lavi yo konplètman”.

Lwa a ap pran efè nan 180 jou apre Gouvènè a fin siyen li epi li aplikab pou plent yo depoze apre dat li fin efektif la. Viktim ki pa blese fizikman pa kalifye pou sèten avantaj nan Biwo Sèvis pou Viktim nan si akizasyon ki an koneksyon ak krim nan genyen obstriksyon kriminèl respirasyon oswa sikilasyon san; kèk menas, asèlman, asèlman grav, mepri kriminèl ak krim ki fèt lè w plede suiv moun nan; ak krim rayisab.

Sou baz lwa aktyèl la, viktim krim sa yo ki pa blese fizikman kalifye pou chache konpansasyon nan men ajans lan pou yon latrèye depans ki anrapò ak krim, tankou fakti medikal pou konsèy ak depans demenajman, men netwayaj sèn krim ak depans pou abri pa ladann. Pwojè lwa ke Gouvènè Cuomo siyen jodia amande lwa sa a pou kouvri depans yo.

Anplis ogmantasyon kalifikasyon sa a, Biwo Sèvis pou Viktim te mete an aplikasyon lòt inisyativ pou ede asire ke viktim krim yo ak fanmi yo ap resevwa konpansasyon ak sipò yo bezwen pou rekipere. Pa gen twò lontan depi ajans lan te bay 20 milyon dola sou fòm sibvansyon sou yon peryòd twazan yon fason pou viktim pwogram asistans yo ka anboche yon jesyonè ka yo ka inifòmize ak amelyore sèvis yo ofri yo, epi l ap fè patenarya pou Biwo Granmoun Aje yo (Office for the Aging) ak de òganizasyon san pwofi pou envesti 8.4 milyon dola nan eta a ak nan fon federal rive nan ane 2020 pou amelyore ak ogmante sèvis pou granmoun vilnerab ki anba risk abi, neglijan oswa eksplwatasyon finansyèl.

Sèvis anplis sa yo ak asistans lan ap vini gratis pou kontribyab yo. Finansman konpansasyon pou viktim krim ak depans pou fonksyonman chak jou ajans lan vini apati de amann, sichaj obligatwa ak frè asistans viktim krim ke sèten ofansè dwe peye apre kondanasyon nan tribinal federal oswa Eta New York.

Biwo Sèvis pou Viktim bay yon dispozisyon sekirite pou moun ak/oswa fanmi yo ki te viktim san se pat fòt yo e ki pa gen okenn lòt mwayen asistans. Ajans lan dedomaje moun ak manm fanmi yo ki elijib pou depans medikal ak èd sikolojik, depans mòg ak antèman, pèt salè ak pansyon alimantè ak lòt pèt oswa domaj byen pèsònèl esansyèl yo, anplis lòt asistans ankò.

Anplis, ajans lan finanse 222 pwogram asistans ki ofri sèvis dirèk, tankou konsèy, entèvansyon kont kriz, defans ak asistans legal, atravè Eta New York la. Pou plis enfòmasyon sou sèvis ajans lan ofri, ansanm ak direktiv kalifikasyon yo, vizite www.ovs.ny.gov oswa rele 1-800-247-8035.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)